**नेनाक बाइबिल**

*प्रस्तुति*



# योना आओर विशालकाय मांछ

*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Jonathan Hay


*रुपान्तरित*: Mary-Anne S.

*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org

©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.





बहुत बरख पहिने, एक मनुख जिनक नाम योना रहिन ओ इस्त्राएल में रहैत छलाह एक रोज, परमेश्वर हुनका निनवे जाय लऽ कहलखिंन्ह, तखन ओ दुनियाक सभसँ पैघ आओर शक्तिशाली नगिर छल।

योना कऽ ओतो जा कऽ सभलोक कऽ सावधान करबाक रहिन जे ओ सभ कतैक दुष्टलोक छथि।


योना परमेश्वरक आज्ञाक नहि मानलिन। योना निनवे जयबाक छोड़ि कऽ ओकर विरूद्ध दिसा में एक स्थान छल जकर नाम तरशीस अछि ओते जएबाक लेल जहाज में सवार भऽ गेलाह।
3
प्रभु परमेश्वर समुद्र में एक भयंकर अन्नहड़क पठा देलिन। अऽ तकरा बाद वियार बहुत तेज गति सँ बहअ लागलैक! जहाजक चलबय बला सभ डेरा गेलखिंन्ह जे एहि सँ तऽ जहाज फटि कऽ डूबि सकैत अछि।
4
आंधी धिरे धिरे आओर बेसी खराब होयत गेल। ओ सभ बहुत बेसी डेरा गेल, आओर जहाज में लादल समानक उठा, उठा कऽ फेंकअ लागल जाहि सँ कि जहाज हल्का भऽ जाएक। मुदा भेल किछु नहि।
5
योना असगरे ओहि जहाज में रहैथि जे प्रार्थना नहि कऽ रहल छलाह। ओ तऽ जहाजक निचला हिस्सा में सुतल छलाह बड़ गहीर निंद में सुतल रहैथि। जहाजक कप्तान हुनका देख लेलखिंन्ह। अहाँ सूति कऽ कि कऽ रहल छी ? ऊठुँ! अपन परमेश्वर सँ प्रार्थना करू! भऽ सकैछ ‘‘परमेश्वर हमरा सभक विषय में सोचैथि ताकि हमरा सभ नाश होय सँ बचि जाऊँ’’।
6
नाविक सभक मन में तुरन्त ई बात आएब गेलैक जे समस्या शायद योनाक कारणें अछि। ओ हुनका सभक कहलिन हम परमेश्वर सँ दूर भागि रहल छी। तहन ओ सभ योना सँ पूछलिन हमरा सभ अब अहाँक संग कि करू, ताकि समुद्र हमरा सभक लेल शांत भऽ जाएक ? ओ कहलिन हमरा उठा कऽ समुद्र में फेंक दिअ, योना हुनका सभक उत्तर देलिन। किएक तँऽ ई भयंकर आंधी हमरे कारणें अहाँ सभक उपर आएल अछि’’।
7
नाविक सभ योनाक फेंकअ नहि चाहैत रहैथि। ओ जहाजक किनारा लगावयक कोशिश कऽ रहल छलाह। मुदा ओ सभ ई नहि कऽ सकैत छलाह। हुनका सभक मात्र एकटा काज करबाक रहिन!
8

माँफीक प्रार्थनाक बाद, नाविक सभ योनाक उठा कऽ जहाज सँ बाहर फेंक देलिन। योनाक ओहिठाम सँ गेलाक बाद समुद्र शांत भऽ गेलैक अऽ आंधी सेहो रूकि गेलैक। अचानक वातावरण में शांति आएब गेलाक बाद नाविक सभ पहिने सँ बेसी डेरा गेल। हुनका सभक तऽ ई बूझिबाक चाहि जे परमेश्वरक छोड़ि कऽ आओर केओ ई नहि कऽ सकैत छथि। भयभित अवस्था में आएब कऽ ओ सभ परमेश्वरक अराधना कएलिन।



9

एहि बीच में अनाज्ञाकारी संमाद आनय वाला आश्चर्य में पड़ि गेलाह। असहाय भऽ कऽ ओ समुद्रक गहराई में नीचाँ जाए लगलाह, योनाक किछु पता नहि रहिन जे हुनका केओ डूबय सँ बचा सकैत छथि। हुनका लग में डूबयक अलावा आओर दोसर कोनो उपाय नहि रहिन, मुदा परमेश्वरक लग में तऽ दोसर योजना रहिन।



10

परमेश्वर एकटा पैघ माछक तैयार कऽ देने रहैथि जे ओ योनाक निंगल जाएक। माछ बिल्कुल सही समय पऽ ओतो आएब गेल! एक सांस में ओ योना कऽ समुद्र में सँ अपन पेट में लऽ लेलिन। योना माछक पेट में तीन रोज घरि रहलाह। हुनका लग चिंतन करबाक लेल आओर प्रार्थना करबाक लेल बहुत समय रहिन।



11

तीन दिनक बाद, अन्तोगत्त्वा योना परमेश्वरक आज्ञा मानबाक लेल वाचा देलिन। अऽ ठीक ओहि काल में माछ कछार पऽ आएब कऽ योनाक उगल देलिन।



12

ऐक बेर पुनः परमेश्वर योनाक कहलिन जे ओ निनवे जा कऽ परमेश्वरक वचनक प्रचार करैथि। एहि बेर योना ओतो गेलाह! योना नगरि में सोर पारैत प्रवेश करलाह, “चालीस दिन में निनवे जीत लेबल जाएत“।



13

निनवेक लोक परमेश्वरक वचनक उपर विश्वास “कएलाएथि“। ओ सभ बिनु भोजनक अऽ बिनु वस्त्रक रहि कऽ परमेश्वरक देखौलिन जे ओ सभ अपन पापक लेल शरमिंदा छथि। एतो घरि जे राजा स्वयं अपना आपक परमेश्वरक सन्मुख नम्र कएलखिंन्ह। ओ अपन सिंहासन पर सँ उतिर कऽ, आओर टाट ओढ़ि कऽ आओर देहि में राख लगा कऽ बैसलाह। ओ सभक आज्ञा देलिन अपन अपन बूरा काज सँ फिरू अऽ हिंसाक बातक छोड़ू आओर प्रार्थना करू जे परमेश्वर हुनका सभक मांफ कऽ दैक।



14


परमेश्वर हुनका सभ कऽ मांफ कऽ देलिन! ई निनवे कऽ नगिर में एक अदभुत आनन्दक दिन होयत, जहन निनवेक लोकक ई पता लागलिन जे परमेश्वर हुनका सभक पापक मांफ कऽ देलिन मुदा एक आदमी बड़ नाराज छलाह। ओ रहैथि योना!
15
योना किएक नाराज छलाह ? ओ परमेश्वरक कहलिन, हम जानैत छी जे अहाँ अनुग्रहकारी परमेश्वर थिकहुँ अऽ आओर दया सँ भरल, क्रोध करय में धिमा आओर दया करय में महान।“ दोसर शब्द में, योना जानैत छलाह जे परमेश्वर सर्वदा हुनका सभक मांफ कऽ दैत छनि जे सभ अपन पापक के पछताबैत छथि आओर परमेश्वरक वचनक मानैत छथि। ऐना लागैत अछि जे योना निनवैक लोकक पसंद नहि करैत छलाह। ओ नहि चाहैत रहैथि जे हुनका सभक क्षमा कएल जाएक।
16
योना परमेश्वर सँ बड़ नाराज छलाह अऽ ओ कहलिन, हमर जिनगीक हमरा सँ छीन लिअ, किएक तऽ हमरा लेल जिनगी सँ निक मौत अछि।
17
योना नगरिक बाहर बैस कऽ प्रतिक्षा कऽ रहल छलाह जे अब दोसर कदम परमेश्वर कि उठा रहल छथि। प्रभु परमेश्वर एकटा पौधा कऽ ओहि में बड़का पत्ता दऽ कऽ तैयार कएलिन। ओ बड़ जल्दी बढ़ि गेल आओर योनाक पूरा दिन धूप सँ बचयबाक लेल छाया देलिन।
18
दोसर दिन भिनसर में, परमेश्वर एकटा कीड़ाक पठौलिन, जे पौधक मारि देलक। अऽ तकरा बाद परमेश्वर एक भयंकर गरम हवाक तैयार कएलिन जे हुनका उड़ाक लऽ गेलिन, अऽ जाबैद घरि योनाक मन में ई नहि आएल कि अब हुनक मृत्यु भऽ जएतिन। अऽ ई सभ बात तऽ योनाक तामसक आओर बढ़ा देलकैक।
19
अऽ तकरा बाद परमेश्वर योना सँ पूछलिन, कि अहाँक क्रोध करबाक कोनो अधिकार अछि ? कि अहाँक उपर छाया कएने रहे, मुदा अहाँ तऽ एहि बातक उपर विचारे नहि कएलहुँ जकरा कि अहाँ नहि बढ़ौने रहुँ अऽ नहि तऽ लगौने रहुँ।
ई तऽ एके राति में पैदा भेल छल आओर एके राति में मरि गेल।
20

तहन हम किएक नहि निनवैक
उपर दया करियन, जे एकटा
महान अऽ पैघ नगर अछि आओर
हजारों लोक ओहि में रहैत छथि।



21

# योना आओर विशालकाय मांछ

***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

## योना

***ॠका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** 119:130

22

# इति

26 60

23

*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल ̈कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह ̈यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह ̈इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ ̈ल जाए। आओर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओर अ ̈ फेर द ̈सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल ̈कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु। यहुन्ना* 3:16

24